



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE DEKRÈ EGZEKITIF POU RANFÒSE AK SIPÒTE DWA NOUYÒKÈ YO POU YO VOTE

*Dekrè Egzekitif la egzije Konsèy Elektoral Konte yo pou yo pran mezi konkrè pou byen enfòmè elektè yo epi bay bon jan opsyon pou yo vote*

*Dekrè a egzije Konsèy Konte yo pou yo enfòmè Eta sou bezwen anplwaye elektoral yo, sèvi ak estasyonè inifòm pou bilten vòt pa korespondans yo epi asire yo ka itilize bilten vòt pa korespondans nan eleksyon Vilaj yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a yon dekrè egzekitif pou ranfòse ak sipòte dwa Nouyòkè yo pou yo vote. Dekrè a egzije konsèy elektoral konte a pou yo pran mezi konkrè pou enfòmè elektè yo sou delè k ap vini yo, pou yo prepare pou eleksyon k ap vini yo ak ede asire yo ka itilize bilten vòt pa korespondans yo nan tout eleksyon yo. Nan dat 20 out la, Gouvènè Cuomo [te siyen pou vin yon lwa](#) refòm elektoral radikal ki pral fè li pi fasil pou Nouyòkè yo vote epi pou yo konte yo an novanm.

"Eleksyon sa a pral youn nan eleksyon ki pi enpòtan nan istwa modèn. Li pral kontwovèse. Ou deja tande deklarasyon k ap mete vòt la, ak prezizyon vòt la, ak bilten pa lapòs yo an dout. Nou vle asire nou ke chak vòt konte; yo tande tout vwa epi ke li ekite epi bon epi egzat", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen ap pibliye dekrè egzekitif jodi a paske nou vle konsèy elektoral la konte vòt yo avèk efikasite epi nou vle yo fè li byen, men nou vle yo fè li atan. Nou pa vle tande eskiz apre reyalyte yo fin pase deja."

Dekrè egzekitif la egzije konsèy elektoral konte yo pran mezi sa yo:

1. Voye yon imèl ki dekri tout dat limit pou elektè yo disi madi 8 septanm.
2. Voye plan ak bezwen pèsonèl yo bay Konsèy Elektoral (Board of Elections, BOE) Eta New York la anvan 20 septanm pou BOE a ka ede nan asire yon bon jan kouvèti.
3. Adopte yon anvlòp inifòm klarifye pou bilten vòt pa korespondans yo epi egzije pou konte yo sèvi ak li.
4. Konte vòt yo pi rapid: egzije pou konsèy konte a fè tout objeksyon yo an tan reyèl, asire ke konsèy yo prè pou yo konte vòt yo ak rekonsilye

deklarasyon ak bilten vòt pa korespondans yo disi 48 èdtan apre eleksyon yo.

5. Bay yon opsyon pou Nouyòkè yo vote pa korespondans nan eleksyon vilaj, ti vil ak eleksyon distri espesyal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)